

**Deklarasyon Fado OMB.** Fado rapò piblik pou koleksyon enfòmasyon sa a estime a jiska 0,5 èdtan, san bliye tan pou revize enstriksyon yo, fè rechèch nan sous done ki egziste yo, kolekte epi kenbe done ki nesèsè yo, epi konplete ak revize koleksyon enfòmasyon yo. Koleksyon enfòmasyon egzije pou etabli kondisyon yo ant yon pwopriyete mache prive ak yon PHA pou patisipe nan pwogram nan, ki enkli si lokatè a oswa pwopriyete a peye pou sèvis piblik yo ak sèvis yo. Yo bay asirans konfidansyalite nan kad koleksyon sa a. Voye kòmantè konsènan estimasyon fado sa a oswa nenpòt lòt aspè koleksyon enfòmasyon sa a, ki enkli sijesyon pou redui fado sa a, bay Biwo Lojman Piblik ak Lojman Endyen, Depatman Depatman Lojman ak Devlopman Iben, Washington, DC 20410. HUD ka pa fè ak esponsòrizasyon, epi yon moun pa oblije reponn, yon koleksyon enfòmasyon si koleksyon an pa montre yon nimewo kontwòl valid.

**Avi Konfidansyalite.** Depatman Lojman ak Devlopman Iben (HUD) otorize pou kolekte enfòmasyon nan fòm sa a pa 24 CFR § 982.451. Enfòmasyon yo sèvi pou bay èd ki baze sou lokatè dapre Atik 8 la nan kad pwogram Koupon Chwa Lojman nan fòm peman èd pou lojman. Done Enfòmasyon Pèsònèlman Idantifyab (PII) ki kolekte nan fòm sa a pa estoke oswa rekipere nan yon sistèm anrejistreman.

### **Enstriksyon pou Itilizasyon Kontra HAP**

Fòm sa a ki pou Kontra Peman Èd pou Lojman (kontra HAP) sèvi pou bay èd ki baze sou lokatè dapre atik 8 la nan kad pwogram koupon chwa lojman (pwogram koupon) Depatman Lojman ak Devlopman Iben (HUD) Etazini. Prensipal règleman pou pwogram sa a se 24 Code of Federal Regulations Part 982.

Pwogram koupon lokal la administre pa yon ajans lojman piblik (PHA). Kontra HAPa se yon akò ant PHA ak pwopriyete yon apatman ki okipe pa yon fanmi ki gen èd. Kontra HAP a gen twa pati: Pati A Enfòmasyon sou kontra a (ranplisaj). Gade entriksyon yo atik pa atik.

Pati B Kò Kontra a  
Pati C Adendòm Lokasyon

### **Itilizasyon fòm sa a**

Se HUD ki egzije itilizasyon kontra HAP sa a. Modifikasyon kontra HAP a pa otorize. Kontra HAP a dwe mo-pou-mo nan fòm HUD preskri a.

Sepandan, PHA ka chwazi ajoute sa ki annapre a:

Tèm ki entèdi pwopriyete a resevwa yon depo garanti ki depase tarif mache prive a, oswa ki depase montan pwopriyete a chaje lokatè ki pa gen èd yo. Entèdiksyon sa a dwe ajoute nan Pati A kontra HAP a.

Tèm ki defini lè yo konsidere pwopriyete a te resevwa peman èd lojman an (pa egzans, nan moman anvw a pa PHA a oswa resepsyon reyèl pa pwopriyete a). Tèm sa yo dwe ajoute nan Pati A kontra HAP a.

Pou prepare kontra HAP a, mete tout enfòmasyon kontra a nan Pati A kontra a. Pati A a dwe aplike pa pwopriyete a ak PHA a.

### **Itilizasyon pou tip lojman espesyal yo**

Anplis itilizasyon pou pwogram koupon debaz dapre Atik 8 la, fòm sa a dwe sèvi tou pou “tip lojman espesyal sa yo” ki se varyan pwogram koupon pou bezwen espesyal (see 24 CFR Part 982, Subpart M): (1) lojman okipasyon chanm endividyèl (SRO) (2) lojman kolektif; (3) fwaye gwoup; (4) lojman pataje; ak (5) lojman kay prefabrike pa fanmi ki afème kay prefabrike ak espas la. Lè fòm sa a sèvi pou yon tip lojman, tip lojman espesyal la dwe presize nan Pati A kontra HAP a, konsa: “kontra HAP sa a sèvi pou tip lojman espesyal ki annapre a dapre règleman HUD pou pwogram koupon dapre Atik 8 la: (Mete Non Tip LojmanEspesyal la).”

Sepandan, fòm sa a ka pa sèvi pou tip lojman espesyal sa yo: (1) lokasyon espas kay prefabrike pa yon fanmi ki posede yon kay prefabrike e ki anfème sèlman espas la; (2)

lojman kowoperatif; and (3) opsyon posesyon kay la dapre Atik 8(y) United States Housing Act of 1937 (42 U.S.C. 1437f(y)).

### **Kòmman pou ranpli Pati A**

Enstriksyon Seksyon pa Seksyon

#### **Seksyon 2: Lokatè**

Antre non konplè lokatè a.

#### **Seksyon 3. Apatman Kontraktiyèl**

Antre adrès apatman an, ki enkli nimewo apatman an, si genyen.

#### **Seksyon 4. Manm Fwaye a**

Antre non tout manm fwaye PHA apwouve yo. Presize si moun sa a se yon èd rezidansyèl, sa vle di yon moun PHA apwouve pou rezide nan kay la pou bay sèvis sipò pou manm fanmi an ki se yon moun andikape.

#### **Seksyon 5. Dire Afèmaj Inisyal la**

Antre premye dat ak dènye dat dire afèmajinisyal la.

Dire afèmaj inisyal la dwe omwen yon ane. Sepandan, PHA ka apwouve yon dire afèmaj inisyal kim pi kout si PHA detèmine ke:

- Dire sa a ki pi kout la ta amelyore opòtinite lojman pou lokatè a, epi
- Dire ki pi kout sa a se li ki domine sou mache lokal la.

#### **Seksyon 6. Lwaye Inisyal a Pwopriyete a**

Antre montan lwaye pwopriyete a resevwa pa mwa pandan dire afèmaj inisyal la. PHA dwe detèmine ke lwaye ki peye a pwopriyete a rezonab pa rapò a lwaye pou lòt apatman konparab ki pa gen èd. Pandan dire afèmaj inisyal la, pwopriyete a ka pa ogamante lwaye pou pwopriyete a.

#### **Seksyon 7. Peman Èd pou Lojman**

Antre montan inisyal peman èd pou lojman an pa mwa.

#### **Seksyon 8. Sèvis Piblik ak Aparèy Elektwomenaje.**

Afèmaj ak kontra HAP a dwe presize ki sèvis piblik ak aparèy elektwomenaje pwopriyete a dwe bay, epi ki sèvis piblik ak aparèy elektwomenaje lokatè a dwe bay. Ranpli seksyon 8 la pou montre kiyès ki responsab pou bay oswa peye pou sèvis piblik ak aparèy elektwomenaje yo.

**Kontra Peman Èd pou Lojman (Kontra HAP)  
Èd ki Baze sou Lokatè dapre Atik 8 la  
Pwogram Koupon Chwa Lojman**

Depatman Lojman ak Devlopman Iben  
Etazini  
Biwo Lojman Piblik ak Lojman Endyen

---

**Pati A Kontra HAP a: Enfòmasyon Kontra a**

(Pou prepare kontra a, mete tout enfòmasyon kontra a nan Pati A.)

1. **Kontni kontra a**

Kontra HAP sa a gen twa pati:

Pati A: Enfòmasyon Kontra a

Pati B: Kò Kontra a

Pati C: Adendòm Lokasyon

2. **Lokatè**

3. **Apatman Kontraktyèl**

4. **Fwaye**

Moun sa yo ka rezide nan apatman an. Yo pa ka ajoute lòt moun nan fwaye san apwobasyon preyalab alekri pwopriyetè a ak PHA.

5. **Dire Afèmaj Inisyal la**

Dire afèmaj inisyal la kòmanse nan dat (jj/mm/aaaa): \_\_\_\_\_

Dire afèmaj inisyal la fini nan dat (jj/mm/aaaa): \_\_\_\_\_

6. **Peman Lwaye Inisyal a Pwopriyetè a**

Peman lwaye inisyal a pwopriyetè a se: \$ \_\_\_\_\_

Pandan dire afèmaj inisyal la, popriyetè pa ka ogmante lwaye ki pou pwopriyetè a.

7. **Peman Èd pou Lojman Inisyal**

Dire kontra HAP a kòmanse premye jou dire afèmaj inisyal la. Nan kòmansman dire kontra HAP a, montan peman asistans pou lojman pa PHA a pwopriyetè a se \$ \_\_\_\_\_ pa mwa.

Montan peman èd pou lojman an pa mwa pa PHA a pwopriyetè a sijè a chanjman pandan dire kontra HAP a annakò avèk egzijans HUD yo.

8. Sèvis Piblik ak Aparèy Elektwomènaje

Pwopriyete a dwe bay oswa peye pou sèvis piblik/ aparèy elektwomènaje ki endike anba a pa yon "O". Lokate a dwe bay oswa peye pou sèvis piblik/ aparèy elektwomènaje ki endike anba a pa yon "T". Sof si li otreman presize anba a, pwopriyete dwe peye pou tout sèvis piblik epi bay refrijeratè ak fou/mikwo-ond.

Atik	Presize tipgaz	Peye pa
Chofaj	<input type="checkbox"/> Gaz natirèl <input type="checkbox"/> Boutèy gaz <input type="checkbox"/> Elektrik <input type="checkbox"/> ChofajPonp <input type="checkbox"/> Lwil <input type="checkbox"/> Lòt	
Kwizin	<input type="checkbox"/> Gaz natirèl <input type="checkbox"/> Boutèy gaz <input type="checkbox"/> Elektrik <input type="checkbox"/> Lòt	
Chofaj Dlo	<input type="checkbox"/> Gaz natirèl <input type="checkbox"/> Boutèy gaz <input type="checkbox"/> Elektrik <input type="checkbox"/> Lwil <input type="checkbox"/> Lòt	
Lòt Elektrik		
Dlo		
Egou		
Ramasaj Fatra		
È Kondisyone		
Lòt (presize)		
		Founi pa
Refrijeratè		
Fou/Mikwo-ond		

**Siyati**

Mwen/Nou ki siyen anba a, sètifye avèk risk sanksyon pou fo temwayaj ke enfòmasyon ki bay anwo yo se verite epi yo kòrèk. AVÈTISMAN: Nenpòt moun ki avèk konsyans li soumèt yon fo reklamasyon oswa fè yon fo deklarasyon sijè a sanksyon penal ak/oswa sivil, ki enkli detansyon pou jiska 5 ane, amann, ak sanksyon sivil ak administratif. (18 U.S.C. § 287, 1001, 1010, 1012; U.S.C. § 3729, 3802).

**Ajans Lojman Piblik**

**Pwopriyete**

\_\_\_\_\_  
Ekri an Lèt Detache oswa Tape Non PHA

\_\_\_\_\_  
Ekri an Lèt Detache oswa Tape Pwopriyete a

\_\_\_\_\_  
Siyati

\_\_\_\_\_  
Siyati

\_\_\_\_\_  
Ekri an Lèt Detache oswa Tape non ak Tit Siyate a

\_\_\_\_\_  
Ekri an Lèt Detache oswa Tape non ak Tit Siyate a

\_\_\_\_\_  
Dat(jj/mm/aaaa)

\_\_\_\_\_  
Dat(jj/mm/aaaa)

Peman pa kourye a:

\_\_\_\_\_  
Non

\_\_\_\_\_  
Adrès (ri, vil, eta, kòdpostal)

## **Pati B Kontra HAP: Kò Kontra a**

### **1. Objektif**

- a. Kontra HAP sa ant PHA ak pwopriyete a. Kontra HAP a siyen pou bay ed pou fanmi nan pwogram kupon dapre Atik 8 la (gade regleman pwogram HUD yo nan 24 Code of Federal Regulations Part 982).
- b. Kontra HAP a aplike selman pou fwaye ak aptman kontraktiyel ki presize nan Pati A kontra HAP a.
- c. Pandan dire kontra HAP a, PHA ap peye ed pou lojman a pwopriyete a annakò avèk kontra HAP a.
- d. Fanmi an ap rezide nan apatman kontraktiyel la ki ed la dapre Atik 8 pwogram kupon an. Peman ed lojman an pa PHA ede lokate a afeme apatman kontraktiyel la nan men pwopriyete a pou okipasyon pa fanmi an.

### **2. Afemaj Apatman Kontraktiyel la**

- a. Pwopriyete a afeme apatman kontraktiyel la bay lokate a pou okipasyon pa fanmi ki gen ed la nan kad pwogram kupon an dapre Atik 8 la.
- b. PHA te apwouve afemaj apatman annakò avèk egzijans pwogram kupon dapre Atik 8 la.
- c. Afemaj pou apatman kontraktiyel la dwe enkli mo-pou-mo tout dispozisyon adendòm lokasyon an ke HUD (Pati C kontra HAP a) egzije.
- d. Pwopriyete a setifye ke:
  - (1) Pwopriyete a ak lokate a antre an afemaj inite kontraktiyel la ki enkli tout dispozisyon adendòm lokasyon an.
  - (2) Afemaj la nan fom estandan ki emet nan lokate a pa pwopriyete a e ki jeneralman sevi pou lot lokate ki pa gen ed nan lokal yo.
  - (3) Afemaj la konfòm avèk Iwa Etatik ak lokal la.
- e. Pwopriyete responsab pou egzamine konpotman fanmi an oswa adaptabilite pou lokasyon an. PHA pa responsab pou egzaminasyon sa a. PHA pa gen okenn obligasyon oswa responsablite anvè pwopriyete a oswa lot moun pou konpotman fanmi an oswa konduit fanmi an nanlokasyon an.

### **3. Antretyen, Sèvis Piblik, ak Lòt Sèvis**

- a. Pwopriyete a dwe fe antretyen apatman kontraktiyel la ak lokal yo annakò avèk estanda kalite lojman yo (HQS).
- b. Pwopriyete a dwe bay tout sèvis piblik ki nesese pou konfome l avèk HQS la.

- c. Si pwopriyete a pa fe antretyen apatman kontraktiyel la annakò avèk HQS la, oswa si li pa bay toutsèvis piblik ki nesese pou konfome l avèk HQS la, PHA ka egzese tout rekou disponib yo. Rekou PHA yo pou vyolasyon sa a enkli rekouvremman peman anplis yo, sispansyon peman ed pou lojman diminsyon oswa rediksyon peman ed pou lojman, fen peman ed pou lojman, ak fen kontra HAP a. PHA pa ka egzese rekou sa yo kont pwopriyete a aköz vyolasyon yon HQS ke fanmi an responsab pou li, epi ki pa koze pa pwopriyete a.
- d. PHA pa dwe fe okenn peman ed pou lojman si apatman kontraktiyel la pa satisfè HQS la, sof si pwopriyete a korije defo a nan peryòd ki presize pa PHA a epi PHA a verifiye koreksyon an. Si yon defo mete lavi an danje, pwopriyete a dwe korije defo nan pa plis pase 24 èdtan. Pou lot defo yo, pwopriyete a dwe korije defo a nan peryòd ki espesifiye pa PHA a.
- e. PHA a ka enspekte apatman kontraktiyel la ak lokal yo nan moman li jije nesese, pou asire ke apatman an konfòm avèk HQS la.
- f. PHA a dwe enfome pwopriyete a sou nenpòt defo enspeksyon an montre.
- g. Pwopriyete a dwe bay tout sèvis lojman yo jan li konsanti l nan afemaj la.

### **4. Dire Kontra HAP a**

- a. Relasyon avèk dire afemaj la. Dire kontra HAP a komanse premye dire inisyafemaj la, epi li fini denye dire afemaj la (ki enkli dire afemaj inisyaf la ak tout pwolongasyon yo).
- b. Lè kontra HAP afini.
  - (1) Kontra HAP a fini otomatikman si pwopriyete a oswa lokate a mete fen nan afemaj la.
  - (2) PHA ka mete fen nan pwogram ed la pou fanmi an pou nenpòt rezon ki otorize annakò avèk egzijans HUD yo. Si PHA mete fen nan pwogram ed pou fanmi an, kontra HAP a pran fen otomatikman.
  - (3) Si fanmi an demenaje nan apatman kontraktiyel la, kontra HAP a pran fen otomatikman.
  - (4) Kontra HAP a pran fen otomatikman 180 jou kalandriye apre denye peman ed pou lojman a pwopriyete a.
  - (5) PHA ka mete fen nan kontra HAP a si PHA detemine, annakò avèk egzijans HUD yo, ke finansman pwogram ki disponib la pa sifizan pou sipòte ed kontinyel pou fanmi yo ki nan pwogram nan.

- (6) Kontra HAP a pran fen otomatikman lè yon sèl manm fwaye a mouri, ki enkli fwaye ki gen yon sèl manm avèk yon èd rezidansyèl..
- (7) PHA ka mete fen nan kontra HAP a si PHA detèmine ke apatman kontraktiyèl la pa bay espas adekwa annakò avèk HQS akòz yon ogmantasyon gwosè fanmi an oswa yon chanjman nan konpozisyon fanmi an.
- (8) Si fanmi kraze, PHA ka mete fen nan kontra HAP a, oswa li ka kontinye èd pou lojman an nan non manm fanmi ki rete nan apatman kontraktiyèl la.
- (9) PHA ka mete fen nan kontra HAP a si PHA detèmine ke apatman an pa satisfè tout egzijans HQS la, oswa detèmine pwopriyete a otreman te vyole kontra HAP a.

#### 5. Dispozisyon ak Peman pou Sèvis Piblik ak Aparèy Elektwomènaje yo

- a. Afèmaj la dwe presize ki sèvis piblik pwopriyete a oswa lokatè a dwe bay oswa peye.
- b. Afèmaj la dwe presize ki aparèy elektwomènaje pwopriyete a oswa lokatè a dwe bay oswa peye.
- c. Pati A kontra HAP a presize ki aparèy elektwomènaje pwopriyete a oswa lokatè a dwe bay oswa peye. Afèmaj la dwe konfòm avèk kontra HAP a.

#### 6. Lwaye a Pwopriyete a Lwaye Rezonab

- a. Pandan dire kontra HAP a, lwaye a pwopriyete a padwe a okenn moman depase lwaye rezonab pou apatman kontraktiyèl la jan sa detèmine oswa redetèmine dènyèman pa PHA annakò ak egzijans HUD yo.
- b. PHA dwe detèmine si lwaye a pwopriyete a rezonab pa rapò a lwaye pou lòt apatman konparab ki pa gen èd. Pou fè detèminasyon sa a, PHA dwe konsidere:
  - (1) Pozisyon, kalite, gwosè, tip apatman, ak laj apatman kontraktiyèl la; ak
  - (2) Tout komodite, sèvis lojman, antretyen ak sèvis piblik pwopriyete a peye epi bay.
- c. PHA dwe redetèmine lwaye rezonab la lè sa nesèsè annakò avèk egzijans HUD yo. PHA ka redetèmine lwaye rezonab la nenpòt lè.
- d. Pandan dire kontra HAP a, lwaye a pwopriyete a pa ka depase lwaye pwopriyete a chaje pou apatman konparab ki pa gen èd nan lokal yo. Pwopriyete a dwe bay PHA tout enfòmasyon PHA mande sou lwaye pwopriyete a chaje pou lòt apatman nan lokal yo oswa lòt kote.

#### 7. Peman PHA a Pwopriyete a

- a. Lè peman an fèt
  - (1) Pandan dire kontra HAP a, PHA dwe fè èd pou lojman pa mwa.

peman a pwopriyete a nan non fanmi an nan kòmansman chak mwa.

- (2) PHA dwe fè peman èd pou lojman yo imedyatman lè li dwe pwopriyete a yo.
- (3) Si peman èd pou lojman yo pa fèt imedyatman lè yo dwe yo apre de premye mwa kalandriye dire kontra HAP a, PHA dwe peye pwopriyete a penalite si sikonstans sa yo aplike: (i) penalite sa yo annakò avèk pratik ki jeneralman aksepte yo ak lalwa, jan sa aplikab sou mache lojman lokal la, penalite ki reji yo pou peman lwaye an reta pa yon lokatè; (ii) se pratik pwopriyete a pou chaje penalite sa yo pou lokatè ki gen èd ak sa ki pa gen èd; epi (iii) epitou pwopriyete a chaje penalite sa yo kont lokatè a pou dènye peman lwaye fanmi an a pwopriyete a. Sepandan, yo pa oblije peye okenn penalite peman anreta si HUD detèmine dènye peman pa PHA a dwe akòz faktè ki pa depann de PHA. Anplis, PHA pa oblije peye okenn penalite peman anreta si peman èd pou lojman yo pa PHA retade oswa refize kòm rekou pou vyolasyon kontra HAP pa pwopriyete (ki enkli nenpòt nan rekou PHA sa yo: rekouvremant peman anplis, sispansyon peman èd pou lojman, diminisyon oswa rediksyon peman pou èd lojman, fen peman pou èd lojman, ak fen kontra a)
- (4) Peman pou èd lojman dwe fèt sèlman a pwopriyete pandan fanmi an rezide nan apatman kontraktiyèl la pandan dire kontra HAP a. PHA pa dwe fè peman èd pou lojman a pwopriyete a pou okenn mwa apre mwa kote fanmi an demenaje a.
  - b. **Konfimite pwopriyete a avèk kontra HAP** si pwopriyete a pa konfòme l avèk tout dispozisyon kontra HAP a, pwopriyete a pa gen dwa resevwa peman èd lojman dapre kontra HAP a.
  - c. Montan peman PHA apwopriyete a
    - (1) Montan peman èd pou lojman PHA a pwopriyete a detèmine pa PHA annakò avèk egzijans HUD yo pou yon lokasyon nan kad pwogram kupon an.
    - (2) Montan peman èd pou lojman PHA a sijè a chanjman pandan dire kontra HAP a annakò avèk egzijans HUD yo. PHA dwe enfòmè fanmi an ak pwopriyete a sou nenpòt chanjman nan montan peman èd pou lojman an.
    - (3) Peman èd pou lojman an pou premye mwa dire kontra HAP a dwe kalkile pwopòsyonèlman a yon mwa pasyèl.
  - d. **Aplikasyon Peman** èd pa mwa pou lojman an dwe dedui nan lwaye yo peye pwopriyete a pa mwa pou apatman kontraktiyèl la.

e. **Limit responsablite PHA**

- (1) PHA responsab sèlman pou fè peman èd pou lojman bay pwopriyetè annakò avèk kontra HAP a ak egzijans HUD yo pou yon lokasyon nan kad wrogram koupou an.
- (2) PHA pa dwe peye okenn pòsyon nan lwaye a bay pwopriyetè anplis peman èd pou lojman an. PHA pa dwe peye okenn lòt reklamasyon pa yon pwopriyetè kont fanmi an.

f. **Peman anplis a pwopriyetè a** Si PHA detèmine ke pwopriyetè a pa gen dwa a peman èd pou lojman oswa okenn pati ladan, PHA, anplis de lòt rekou yo, ka dedui montan peman anplis la nan nenpòt montan li dwe pwopriyetè a dapre nenpòt lòt kontra èd pou lojman dapre Atik 8 la.

**8. Sètifikasyon Pwopriyetè a**

Pandan dire kontra sa a, pwopriyetè a sètifye ke:

- a. Pwopriyetè a ap fè antretyen inite kontraktiyèl ak lokal yo annakò avèk HQS la.
- b. Apatman kontraktiyèl la afème a lokatè a. Afèmaj la enkli adendòm lokasyon an (Pati C kontra HAP a), epi li annakò avèk kontra HAP a ak egzijans pwogram nan. Pwopriyetè bay afèmaj la a PHA, ki enkli tout revizyon afèmaj la
- c. Lwaye a pwopriyetè a pa depase lwaye pwopriyetè a chaje pou lokasyon apatman konparab ki pa gen èd nan lokal yo.
- d. Sof pou lwaye a pwopriyetè a, pwopriyetè a pa te resevwa epi li p ap resevwa okenn peman oswa lòt konsiderasyon (nan men fanmi an, PHA, HUD, oswa nenpòt lòt sous piblik oswa prive) pou lokasyon apatman kontraktiyèl la pandan dire kontra HAP a.
- e. Fanmi pa posede epi li pa genyen okenn enterè nan apatman kontraktiyèl la.
- f. Dapre sa pwopriyetè a konnen, manm fanmi yo rezide nan apatman kontraktiyèl la, epi apatman an se sèl rezidans fanmi an.
- g. Pwopriyetè a (ki enkli yon prensipal oswa lòt pati enterese) se pa paran, pitit, gran paran, pitit pitit, sè, oswa frè nenpòt manm fanmi an, sof si PHA te detèmine (epi li te enfòme pwopriyetè a ak fanmi an de detèminasyon sa a) ke apwouve lokasyon apatman an, malgre relasyon sa a, ta bay aranjman rezonab pou yon manm fanmi ki se yon moun andikape.

**9. Entèdiksyon diskriminasyon.** Annakò avèk lwa, estati, dekrè, a règleman aplikab pou egalite chans ak kont diskriminasyon.

- a. Pwopriyetè a pa dwe fè diskriminasyon kont pèsonn akoz ras, koulè, relijyon, sèks (ki enkli oryantasyon seksyèl ak idantite seksyèl) orijin nasyonal, laj, estati famiyal, oswa andikap nan kad kontra HAP a. Elijiblite pou pwogram HUD yo dwe fèt san konsidere oryantasyon reyèl oswa sa yo pèsevwa, idantite seksyèl, kondisyon matrimonyal.

- b. Pwopriyetè a dwe kowopere avèk PHA ak HUD nan fè egzamen konfòmite egalite chans ak ankèt sou plent nan kad kontra HAP.
- c. Lwa sou Vyolans Kont Fanm. Pwopriyetè a dwe respekte Lwa sou Vyolans Kont Fanm nan, jan li amande a, epi règleman aplikasyon HUD nan 24 CFR pati 5, Sou-pati L, ak règleman pwogram nan.

**10. Vyolasyon Kontra HAP a paPwopriyetè a**

- a. Nenpòt nan aksyon sa yo pa pwopriyetè a, (ki enkli yon prensipal oswa lòt pati enterese) se yon vyolasyon HAP a pa pwopriyetè a:
  - (1) Si pwopriyetè a vyole yon obligasyon na kad kontra HAP a, ki enkli obligasyon pwopriyetè a pou fè antretyen apatman annakò avèk HQS la.
  - (2) Si pwopriyetè a vyole yon obligasyon nan kad yon lòt kontra peman èd pou lojmandapre Atik 8 la.
  - (3) Si pwopriyetè a te komèt yon fwod, lajan anba tab, oswa nenpòt lòt zak kòripsyon nan kad yon pwogram èd pou lojman.
  - (4) Pou pwojè avèk ipotèk ki asire pa HUD oswa prè HUD fè, si pwopriyetè a pa respekte règleman pou asirans ipotèk aplikab la oswa pwogram prè a, avèk ipotèk oswa nòt ipotèk la, oswa avèk akò reglemantè a; oswa si pwopriyetè a komèt fwod, lajan anba tab oswa nenpòt lòt zak kriminel nan kad ipotèk la oswa prè a.
  - (5) Si pwopriyetè angaje nan yon aktivite kriminel ki rapò ak dwòg oswa nenpòt aktivite kriminel kivyolan.
- b. SI PHA detèmine gen yon vyolasyon ki fèt, PHA ka egzèse nenpòt nan dwa li yo ak rekou nan kad kontra HAP a, oswa nenpòt lòt dwa ak rekou ki disponib pou vyolasyon sa a. PHA dwe enfòme pwopriyetè de detèminasyon sa a, ki enkli yon brèf deklarasyon sou rezon detèminasyon an. Avi PHA bay pwopriyetè a ka mande pwopriyetè a poze aksyon korektif, jan PHA verifeye oswa detèmine l, pa yon dat limit ki preskri nan avi a.
- c. Dwa ak rekou PHA pou vyolasyon kontra HAP a pa pwopriyetè a enkli rekouvremman peman anplis, sispanasyon peman èd pou lojman, diminisyon oswa rediksyon peman èd pou lojman, fen peman èd pou lojman, ak fen kontra HAP.
- d. PHA ka chèche epi jwenn alèjman adisyonèl pa òdonans oswa aksyon jidisyè, ki enkli pèfòmans espesifik, lòt alèjman enjonktif oswa òdonans poudomaj.
- e. Menm si fanmi an kontinye viv nan apatman kontraktiyèl la, PHA ka egzèse tout dwa ak rekou pou vyolasyon kontra HAP a pa pwopriyetè a.
- f. Egzès oswa non-egzès yon dwa oswa rekou pa PHA pou vyolasyon kontra HAP a pa pwopriyetè a yon

renonsyasyon a dwa pou egzèse sa oswa nenpòt lòt dwa oswa rekou nenpòt ki lè.

#### 11. Aksè PHA ak HUD a Lokal yo ak Dosye Pwopriyetè a

- a. Pwopriyetè a dwe bay tout enfòmasyon enpòtan nan kontra HAP a ke PHA oswa HUD ka rezonabman egzije.
- b. PHA, HUD ak Kontwolèlè Jeneral Etazini an dwe gen aksè total ak lib nan apatman kontraktiyèl la ak lokal yo, epi tout kont ak dosye pwopriyetè a ki enpòtan pou kontra HAP, ki enkli dwa pou egzamine oswa odite dosye yo epi fè kopi.
- c. Pwopriyetè a dwe bay aksè sa a nan dosye nimerize oswa elektwonik, epi nan nenpòt òdinatè, ekipman oswa lokal ki gen dosye sa yo ladan, epi li dwe bay tout enfòmasyon ak èd ki nesèse pou aksede a dosye yo.

#### 12. Eksklizyon Dwa Tyès Pati

- a. Fanmi an pa yon pati oswa tyès pati benefisyè Pati B kontra HAP a. Fanmi an ka pa aplike okenn dispozisyon Pati B a, oswa li ka pa egzèse okenn dwa oswa rekou kont pwopriyetè a oswa PHA nan kad Pati B a.
- b. Lokatè oswa PHA a ka aplike adendòm lokasyon an (Pati C kontra HAP a) kont pwopriyetè a, epi ka egzèse nenpòt dwa oswa rekou kont pwopriyetè a nan kad adendòm lokasyon an.
- c. PHA pa asime okenn responsablite pou blezi yon moun sibi, kòm konsekans aksyon oswa omisyon pwopriyetè a pou ajì nan kad jesyon apatman kontraktiyèl oswa lokal yo oswa aplikasyon kontra HAP a, oswa kòm konsekans nenpòt lòt aksyon oswa omisyon pou ajì pa pwopriyetè a.
- d. Pwopriyetè a pa ajan PHA, epi kontra HAP a pa kreye oswa afekte okenn relasyon ant PHA ak okenn pretè a pwopriyetè a oswa okenn lòt founisè, anplwaye, antreprenè oswa soutretan pwopriyetè itilize nan kad jesyon inite kontraktiyèl la oswa lokal yo oswa avèk aplikasyon kontra HAP a.

#### 13. KonfliEnterè

- a. “Moun ki kouvri” vle di yon moun oswa antite ki se yon manm nenpòt nan gwoup sa yo:
  - (1) Nenpòt manm aktyèl oswa ansyen oswa ofisyè PHA (eksepte yon komisè PHA ki se yon patisipan nan pwogram nan);
  - (2) Nenpòt anplwaye PHA, oswa nenpòt antreprenè, soutretan oswa ajan PHA, ki fòmile politik oswa ki enfluyansè desizyon nan sa ki konsène pwogram nan.
  - (3) Nenpòt ajan piblik, manm yon ògàn direksyon, oswa lejislatè Etatik oswa lokal, ki egzèse fonksyon oswa responsablite nan sa ki konsène pwogram nan; oswa
  - (4) Nenpòt manm KongrèEtazini an.

- b. Yon moun ki kouvri pa ka gen okenn enterè dirèk oswa endirèk nan kontra HAP a oswa okenn avantaj oswa peman nan kad kontra a (ki enkli enterè yon manm fanmi pèmanan moun sa a ki kouvri a) pandan moun sa a kouvri oswa pandan yon ane apre sa.
- c. “Manm fanmi imedyà” vle di konjwen, paran (ki enkli yo boparan), timoun (ki enkli timoun pa alyans) gran paran, pitit pitit, sè oswa frè (ki enkli demi-sè oswa demi-frè) nenpòt moun ki kouvri.
- d. Pwopriyetè a sètifye epi li resposab pou asire ke pèsonn oswa okenn antite pa gen oswa pral genyen yon enterè entèdi, nan aplikasyon kontra HAP a, nan okenn moman pandan dire kontra HAP a.
- e. Si yon enterè entèdi prezante, dwe imedyatman epi konplètman divilge enterè sa a bay PHA ak HUD.
- f. Entèdiksyon konfli enterè dapre atik sa a ka leve pa biwo lokal HUD a pou yon rezon valab.
- g. Okenn manm owa delege nan Kongrè Ameriken an oswa komisè rezidan pa dwe admèt nan okenn pa oswa pati nan kontra HAP a oswa nan okenn avantaj ki soti nan li.

#### 14. Transfè Kontra HAP a

- a. Pwopriyetè a pa ka transfere kontra HAP a bay yon nouvo pwopriyetè san konsantman preyalab alekri PHA.
- b. Si pwopriyetè a mande konsantman PHA pou transfere kontra PHA bay yon lòt pwopriyetè, pwopriyetè a dwe bay tout enfòmasyon ki gen rapò transfè ki pwopoze a jan PHA egzije sa.
- c. Kontra HAP pa ka transfere bay yon nouvo pwopriyetè ki ekskli, sispann, oswa sijè a yon refi patisipasyon limite dapre règleman HUD yo (gade 24 Code of Federal Regulations Pati 24).
- d. Kontra HAP pa ka transfere bay yon nouvo pwopriyetè si HUD te entèdi transfè sa a paske:
  - (1) Gouvènman federal la te kòmanse yon aksyon administratif oswa jidisyè kont pwopriyetè a oswa nouvo pwopriyetè ki pwopoze a akòz vyolasyon Lwa sou Lojman Ekitab la oswa lòt egzijans Federal pou egalite chans, epi aksyon sa an sispan; oswa
  - (2) Yon tribinal oswa yon ajans administratif te detèmine ke pwopriyetè a oswa nouvo pwopriyetè ki pwopoze a te vyole Lwa sou lojman ekitab la oswa lòt egzijans federal pou egalite chans.
- e. Kontra HAP a pa ka transfere bay yon nouvo pwopriyetè si nouvo pwopriyetè (ki enkli yon prensipal oswa lòt pati enterese) se paran, pitit, gran paran, pitit pitit, sè oswa frè yon manm fanmi an, sof si PHA te detèmine (epi li te enfòmè fanmi an de detèminasyon an) ke apwouve transfè a, malgre relasyon sa a, ta bay aranjman rezonab pou yon manm fanmi ki se yon moun andikape.

f. PHA ka refize apwobasyon pou transfè kontra HAP si pwopriyetè oswa nouvo pwopriyetè ki pwopoze a (ki enkli yon prensipal oswa yon pati enterese):

(1) Si pwopriyetè a te vyole obligasyon nan kad kontra peman èd pou lojman dapre Atik 8 la.

(2) Si pwopriyetè a te komèt yon fwod, lajan anba tab, oswa nenpòt lòt zak kriminel nan kad yon pwogram lojman federal;

(3) Si pwopriyetè angaje nan yon aktivite kriminel ki rapò ak dwòg oswa nenpòt aktivite kriminel ki vyolan.

(4) Gen antesedan oswa pratik non-konfòmite avèk HQS la pou apatman ki afème nan kad pwogram ki baze sou lokatè dapre Atik 8 la, oswa non-konfòmite avèk estanda lojman ki aplikab pou apatman ki afème avèk èd ki baze sou pwojè dapre Atik 8 la oswa pou apatman ki afème nan kad nenpòt lòt pwogram lojman federal;

(5) Gen yon antesedan oswa pratik omisyon pou mete fen nan lokasyon lokatè ki gen èd nan kad pwogram lojman ki gen èd sou plan federal pou aktivite lokatè a angaje ladan, yon manm fwaye a, yon vizitè oswa yon lòt moun ki anba kontwòl nenpòt manm fwaye a ki:

(a) Menase dwa juisans pezib lokal yo pa rezidan yo;

(b) Menase sante oswa sekirite lòt rezidan, anplwaye PHA, oswa anplwaye pwopriyetè a oswa lòt moun ki angaje nan jesyon lojman an;

(c) Menas kont sante oswa sekirite, oswa dwa a juisans pezib rezidan yo pa moun ki rezide nan vwazinaj imedya lokal yo; sowa

(d) aktivite kriminel ki rapò ak dwòg oswa nenpòt aktivite kriminel ki vyolan.

(6) Gen yon antesedan oswa pratik lwe apatman ki pa respekte kòd lojman etatik oswa lokal; oswa

(7) Pa te peye enpo lokatif etatik oswa lokal, amann oswa evelyasyon.

g. Nouvo lokatè a dwe asepte pou lye pa kontra HAP a epi konfòme l avèk li. Akò dwe alekri, epi nan fòm PHA ka aksepte. Nouvo pwopriyetè a dwe bay PHA yon kopi akò kiezekite a.

b. Kontra PHA a dwe entèprete epi aplike annakò avèk tout egzijans estati yo epi avèk tout egzijans HUD yo, ki enkli règleman pwogram HUD yo nan regulations at 24 Code of Federal Regulations Pati 982.

**15. Sezi.** Sizoka gen sezi, siksesè imedya nan enterè pwopriyete a an konfòmite avèk sezi a dwe asime enterè sa a an konfòmite ak afèmaj ant pwopriyetè anvan an a ak lokatè epi a kontra HAP ant pwopriyetè anvan an ak PHA pou apatman ki okipe a. Dispozisyon sa a pa afekte okenn lwa etatik oswa lokal ki bay peryòd ki pi long oswa lòt pwoteksyon adisyonèl pou lokatè.

**16. Avi Ekri** Nenpòt avi pa PHA oswa pwopriyetè a an rapò avèk kontra sa a dwe alekri.

#### **17. Akò Konplè: Entèpretasyon**

a. Kontra HAP a gen akò konplè ant pwopriyetè a ak PHA a.

# Kontra Peman Èd pou Lojman (Kontra HAP) Èd ki Baze sou Lokatè dapre Atik 8 la Pwogram Koupon Chwa Lojman

Depatman Lojman ak Devlopman Iben  
Etazini  
Biwo Lojman Piblik ak Lojman Endyen

## Pati C Kontra HAP a: Adendòm Lokasyon

### 1. Pwogram Koupon dapre Atik 8 la

- Pwopriyetè ap afème apatman kontraktyèl la a lokatè a pou okipasyon pa fanmi lokatè a avèk èd pou yon lokasyon dapre Atik 8 pwogram kupon chwa lojman an (pwogram kupon) Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (HUD).
- Pwopriyetè a antre nan yon Kontra Peman Èd pou Lojman (HAP) avèk PHA nan kad pwogram kupon an. Dapre kontra HAP a, PHA pral fè peman èd pou lojman bay pwopriyetè a pou ede lokatè a lwe apatman an nan men pwopriyetè a.

### 2. Afèmaj

- Pwopriyetè a te bay PHA yon kopi afèmaj la, ki enkli tout revizyon pwopriyetè ak lokatè a antann yo sou li. Pwopriyetè a sètifye ke kondisyon afèmaj la annakò avèk tout dispozisyon kontra HAP a epi afèmaj la enkli adendòm lokasyon an.
- Lokatè a dwe gen dwa pou aplike adendòm lokasyon an kont pwopriyetè a. Si gen konfli ant adendòm lokasyon an ak nenpòt lòt dispozisyon afèmaj la, tèm adendòm lokasyon an ap domine.

### 3. Itilizasyon Inite Kontraktyèl la

- Pandan dire afèmaj la, fanmi an ap rezide nan apatman kontraktyèl ki gen èd la nan kad pwogram kupon an.
- PHA dwe apwouve konpozisyon fwaye a. Fanmi an dwe enfòme PHA imedyatman sou nesans, adopsyon, oswa gad yon timoun ke tribinal akòde. Yo pa ka ajoute lòt moun nan fwaye san apwobasyon preyalab alekri pwopriyetè a ak PHA.
- Apatman kontraktyèl la ka itilize sèlman pou rezidans pa manm fwaye PHA apwouve. Apatman an dwe sèl rezidans fanmi an. Manm fwaye yo ka angaje nan aktivite legal pou fè pwofi ki akseswa a itilizasyon apatman an pou rezidans pa manm fanmi an.
- Lokatè a pa ka soulwe oswa sede apatman an.
- Lokatè a pa ka transfere afèmaj la oswa transfere apatman an.

### 4. Lwaye a Pwopriyetè a

- Lwaye inisyal a pwopriyetè pa ka depase montan ki apwouve pa PHA annakò avèk egzijans HUD yo.
- Chanjman nan lwaye a pwopriyetè a dwe detèmine pa dispozisyon afèmaj la. Sepandan, pwopriyetè ka pa ogmante lwaye pandan dire inisyal afèmaj la.
- Pandan dire afèmaj la, (ki enkli dire inisyal afèmaj la ak nenpòt dire pwolongasyon) lwaye a pwopriyetè pa ka nan okenn moman depase:

(1) Lwaye rezonab pou apatman an jan li te detèmine oswa redetèmine dènye fwa pa PHA annakò avèk egzijans HUD yo, oswa

(2) Lwaye ki chaje pa pwopriyetè a pou apatman ki pa gen èd nan lokal yo.

### 5. Peman Fanmi a Pwopriyetè a

- Fanmi an responsab pou peye pwopriyetè a nenpòt pòsyon lwaye ki pa kouvri pa peman èd pou lojman PHA a.
- Chak mwa, PHA pral fè yon peman èd lojman a pwopriyetè nan non fanmi an annakò avèk kontra HAP a. Montan peman èd pou lojman an pa mwa ap detèmine pa PHA annakò avèk egzijans HUD yo pou yon lokasyon nan kad pwogram kupon dapre Atik 8 la.
- Peman èd pou lojman pa mwa a dwe dedui nan lwaye pa mwa a pwopriyetè a pou apatman kontraktyèl la.
- Lokatè a pa responsab pou peye pòsyon lwaye a pwopriyetè ki kouvri pa peman èd pou lojman PHA dapre kontra HAP ant pwopriyetè a ak PHA. Yon omisyon PHA pou fè peman èd pou lojman a pwopriyetè pa yon vyolasyon afèmaj la. Pwopriyetè ka pa mete fen nan lokasyon an pou non-vèsman peman èd lojman PHA a.
- Pwopriyetè a ka pa chaje oswa asepte, nan men fanmi an oswa nan men lòt sous, okenn peman pou lwaye apatman an anplis de lwaye a pwopriyetè a. Lwaye a pwopriyetè a enkli tout sèvis lojman yo, antretyen, sèvis piblik ak aparèy elektwomènaje pwopriyetè adwe bay annakò ak afèmaj.
- Pwopriyetè a dwe retounen imedyatman tout peman lwaye anplis a lokatè a.

### 6. Lòt Frè ak Chaj

- Lwaye a pwopriyetè a pa enkli pri okenn repa oswa sèvis sipò oswa mèb pwopriyetè a ka bay.
- Pwopriyetè a ka pa mande lokatè oswa fanmi an peye frè pou okenn repa oswa sèvis sipò oswa mèb pwopriyetè a ka bay. Non-peman nenpòt nan frè sa yo pa rezon pou mete fen nan lokasyon an.
- Pwopriyetè a ka pa chaje lokatè a montan siplemantè pou atik ki abityèlman enkli nan lwaye a pwopriyetè a nan lokalite a, oswa ki founi san sa pa koute anyen anplis a lokatè ki pa sibvansyon nan lokal yo.

### 7. Antretyen, Sèvis Piblik, ak Lòt Sèvis

- Antretyen**
  - Pwopriyetè a dwe fè antretyen apatman an ak lokal yo annakò ak HQS la.
  - Antretyen ak ranplasman (ki enkli renovasyon) dwe annakò avèk

pratik estanda pou bilding konsène a jan sa etabli pa pwopriyetè a.

b. **Sèvis Piblik akaparèy elektwomenaje**

- (1) Pwopriyetè a dwe bay tout sèvis piblik ki nesèsè pou konfòme l avèk HQS la.
- (2) Pwopriyetè pa responsab pou yon vyolasyon HQS la ki koze pa omisyon lokatè a pou:
  - (a) Peye pou tout sèvis piblik lokatè a dwe peye.
  - (b) Bay ak fè antretyen tout aparèy elektwomenaje lokatè a dwe bay.

c. **Domaj fanmi an koze** Pwopriyetè a pa responsab pou yon vyolasyon HQS la akòz domaj ki pa nan kad itilizasyon ak epuizman nòmal ki koze yon manm fwaye a oswa yon vizitè.

d. **Sèvis Lojman** Pwopriyetè a dwe bay tout sèvis lojman yo jan li konsanti l nan afèmaj la.

**8. Fen lokasyon an paPwopriyetè a**

a. **Egzijans** Pwopriyetè a ka sèlman mete fen nan lokasyon an annakò avèk afèmaj la ak egzijans HUD yo.

b. **Rezon yo.** Pandan dire afèmaj la (dire inisyal afèmaj la oswa dire nenpòt pwolongasyon), pwopriyetè a Ka sèlman mete fen nan lokasyon an akòz:

- (1) Vyolasyon grav oswa repeteafèmaj la;
- (2) Vyolasyon lwa federal, etatik oswa lokal ki enpoze obligasyon a lokatè a konsènan okipasyon an oswa itilizasyon apatman an ak lokal yo;
- (3) Aktivite kriminel oswa abi alkòl (jan sa prevwa nan paragraf c a); oswa
- (4) lòt rezon valab (jan sa prevwa nan paragraf d).

c. **Aktivite kriminel oswa abi alkòl.**

- (1) Pwopriyetè a ka mete fen nan lokasyon an pandan dire afèmaj la si yon manm fwaye a, yon vizitè oswa yon lòt moun ki anba kontwòl yon rezidan komèt youn nan tip aktivite kriminel sa yo:
  - (a) Tout aktivite kriminel ki menase sante oswa sekirite, oswa dwa a jwisans pezig lokal yo pa lòt rezidan (ki enkli pèsonèl jesyon pwopriyete ki rezide nan lokal yo)
  - (b) Aktivite kriminel ki menase sante oswa sekirite, oswa dwa a juisans pezig rezidans yo a moun ki rezide nan vwazinaj imedya lokal yo;
  - (c) Tout aktivite kriminel vyolan nan oswa toupre lokal yo; oswa
  - (d) Tout aktivite kriminel ki gen rapò ak dwòg nan oswa toupre lokal yo;
- (2) Pwopriyetè a ka mete fen nan lokasyon an pandan dire afèmaj la si yon manm fwaye a:
  - (a) Pran lafuit pou evite pousuit jidisyè, oswa detansyon oswa anprizònman apre kondanasyon, pou yon krim, tantativ pou komèt yon krim, ki se yon deli dapre lwa kote

moun nan pran lafuit apati de li a, oswa ki, nan ka Eta New Jersey, se yon gwo enfraksyon; oswa

(b) Vyalasyon yon kondisyon pwobasyon oswa libète kondisyonèl dapre lwa federal oswa etatik.

(3) Pwopriyetè a ka mete fen nan lokasyon an pou aktivite kriminel pa yon manm fwaye a annakò avèk atik sa a si pwopriyetè a detèmine manm fwaye a te komèt yon aktivite kriminel, san konsidere si manm fwaye a te arete oswa kondane pou aktivite sa a.

(4) Pwopriyetè a ka mete fen nan lokasyon an pandan dire afèmaj la si yon manm fwaye a te angaje nan abi alkòl ki menase sante, sekirite, oswa dwa a juisans pezig lokal yo pa rezidan yo.

d. **Lòt rezon valab pou mete fen nan lokasyon an**

(1) pandan afèmaj inisyal la, lòt rezon valab pou mete fen lokasyon an dwe yon bagay fanmi te fè oswa pa te reyisi fè.

(2) pandan dire afèmaj inisyal la oswa pandan nenpòt dire pwolongasyon, lòt rezon valab ka enkli:

- (a) Pètibasyonvwazen yo
- (b) Destriksyon pwopriyete, oswa
- (c) Abitid lavi oswa antretyen kay ki lakoz domaj a apatman an oswa lokal yo.

(3) Apre dire afèmaj inisyal la, rezon valab sa a ka enkli:

- (a) Omisyon lokatè a pou aksepte òf pwopriyetè a pou yon nouvo afèmaj oswa revizyon;
- (b) Dezi pwopriyetè a pou itilize apatman pou itilizasyon pèsonèl oswa famiyal oswa pou objektif ki pa itilizasyon kòm yon apatman lokasyon rezidansyèl; oswa
- (c) Yon biznis oswa rezon ekonomik pou mete fen nan lokasyon an (tankou vant pwopriyete a, renovasyon apatman an, dezi pwopriyetè a pou lwe apatman pou yon lwaye ki pi wo).

(4) Egzanp lòt rezon valab yo nan paragraf sa a pa prevwa okenn lwa etatik oswa lokal ki kontrè.

(5) Nan ka yon pwopriyetè ki se yon siksesè imedya nan enterè an konfòmite a yon sezi pandan dire afèmaj la, ki mande lokatè kite pwopriyete a anvan yo vann li pa dwe yon lòt rezon valab, eksepte pwopriyetè a ka mete fen nan lokasyon an ki efektif nan dat transfè apatman an a pwopriyetè a si pwopriyetè a:

- (a) Ap okipe apatman an kòm rezidans prensipal; epi
- (b) Te bay lokatè a avi pou li kite omwen 90 jou anvan dat efektif avi sa a. Dispozisyon sa a pa dwe afekte okenn lwa etatik oswa lokal ki bay peryòd ki pi long oswa pwoteksyon adisyonèl pou lokatè.

**9. Pwoteksyon pou viktim Vyolans Domestik, Vyolans nan Frekantasyon, Agresyon seksyèl, oswa Asèlman.**

- a. **Objektif:** Seksyon sa a enkòpore pwoteksyon pou viktim vyolans domestik, vyolans nan frekantasyon, agresyon seksyèl, oswa asèlman annakò avèk sou-tit N Lwa 1994 sou Vyolans Kont Fanm, jan li amande a (kodifye jan li amande a nan 42 U.S.C. 14043e et seq.) (VAWA) ak règleman aplikasyon nan 24 CFR part 5, subpart L.
- b. **Konfli avèk lòt Dispozisyon:** Sizoka ta gen konfli ant dispozisyon sa a ak nenpòt lòt dispozisyon ki enkli nan Pati C kontra HAP a, dispozisyon sa a dwe domine.
- c. **Efè sou lòt pwoteksyon yo:** Anyen nan seksyon sa a pa dwe entèprete pou ranplase okenn dispozisyon lwa federal, etatik, oswa lokal ki bay plis pwoteksyon pase seksyon sa a pou viktim vyolans domestik, vyolans nan frekantasyon, agresyon seksyon seksyèl oswa asèlman.
- d. **Definisyon:** Jan yo itilize nan seksyon sa a, tèms “menas reyèl ak iminan” “endividi afilye,” “bifikasyon,” “vyolans nan frekantasyon,” “vyolans domestik,” “agresyon seksyèl,” ak “asèlman” defini nan règleman HUD yo nan 24 CFR part 5, subpart L. Tèms “Fwaye” ak “Lòt Moun ki Anba Kontwòl Lokatè al” defini nan 24 CFR part 5, subpart A.
- e. **Fòm Notifikasyon ak Sètifikasyon VAWA:** PHA dwe bay lokatè a “Avi Dwa Okipasyon dapre VAWA” ak fòm sètifikasyon ki dekri dapre 24 CFR 5.2005(a)(1) ak (2).
- f. **Pwoteksyon pou viktim Vyolans Domestik, Vyolans nan Frekantasyon, Agresyon seksyèl, oswa Asèlman.**
  - (1) Mèt kay la oswa PHA a p ap refize lokatè a admisyon, refize lokatè a èd, mete fen nan patisipasyon lokatè a, oswa degèpi lokatè a sou baz oswa kòm konsekans dirèk zafè lokatè a viktim oswa te viktim vyolans domestik, vyolans nan frekantasyon, agresyon seksyèl, oswa asèlman, si lokatè a otreman kalifye pou admisyon, èd, patisipasyon oswa okipasyon. 24 CFR 5.2005(b)(1).
  - (2) Yo pa dwe refize lokatè a dwa pou l okipe oswa lwe sèlman sou baz angajman yon manm fwaye lokatè a oswa nenpòt vizitè oswa nenpòt lòt moun ki anba kontwòl li, nan aktivite kriminel, si aktivite kriminel la gen rapò dirèk avèk vyolans domestik, vyolans nan frekantasyon, agresyon seksyèl oswa asèlman oswa yon moun ki afilye ak lokatè a se viktim nan oswa li te fè objè menas vyolans domestik, vyolans nan frekantasyon, agresyon seksyèl oswa asèlman. 24 CFR 5.2005(b)(2).
  - (3) Youn oswa plizyè ensidan vyolans domestik, vyolans nan frekantasyon, agresyon seksyèl, oswa asèlman ki reyèl oswa menas pap entèprete kòm vyolasyon grav oswa repete afèmaj la pa viktim nan oswa moun ki viktim menas ensidan an. Ni li pa dwe entèprete kòm lòt “rezon valab” pou mete fen nan dwa afèmaj la, lokasyon an, oswa dwa a okipasyon viktim sa a oswa viktim ki menase a. 24 CFR 5.2005(c)(1) ak (c)(2).
- g. **Konfòmite avèk Òdonans Tribinal yo** Anyen nan Adendòm sa a pap limite otorite mèt kay la, lè li notifye pa yon òdonans tribinal, pou respekte òdonans tribinal la nan sa ki konsène dwa daksè oswa kontwòl pwopriyete

(ki gen ladan òdonans pwoteksyon sivil ki emèt pou pwoteje yon viktim kont vyolans domestik, vyolans nan frekantasyon, agresyon seksyèl, oswa asèlman) oswa nan sa ki konsène distribisyon oswa posesyon pwopriyete a pami manm fwaye lokatè a. 24 CFR 5.2005(d)(1).

**h. Vyolasyon ki pa Fonde sou Vyolans Domestik, Vyolans nan Frekantasyon, Agresyon Seksyèl, oswa Asèlman:**

Anyen nan seksyon sa a pa dwe entèprete pou limite okenn otorite mèt kay la ki otreman disponib pou degèpi oswa otorite lojman piblik la pou mete fen nan èd yon lokatè pou yon vyolasyon ki pa fonde sou yon zak vyolans domestik, vyolans nan frekantasyon, agresyon seksyèl, oswa asèlman ki an kesyon kont lokatè a oswa yon moun ki afilye ak lokatè a. Sepandan, mèt kay la oswa PHA pap soumèt lokatè, ki oswa te yon viktim vyolans domestik, vyolans nan frekantasyon, agresyon seksyèl, oswa asèlman, a yon estanda ki pi egzijan pase lòt lokatè yo nan detèmine si pou degèpi lokatè a oswa mete fen nan èd la. 24 CFR 5.2005(d)(2).

**i. Menas Reyèl ak Iminan:**

(1) Anyen nan seksyon sa a p ap entèprete pou limite otorite mèt kay la pou degèpi lokatè a si mèt kay ka demontre ke yon “menas reyèl oswa iminan” tap prezan pou lòt lokatè yo oswa moun ki se anplwaye nan oswa ki ap bay sèvis a pwopriyete si lokatè a oswa okipan legal la pa degèpi. Nan kontèks sa a, mo, jès, aksyon, oswa lòt endikatè pral entèprete kòm yon menas reyèl aj iminan si yo reponn a kritè ki annapre pou yon menas reyèl ak iminan: “Menas reyèl ak iminan” vle di yon danje fizik ki reyèl tap rive nan yon limit tan imedyata, epi li ta ka koz lanmò oswa prejizidis kòporèl grav. Nan detèmine si yon moun ta poze yon menas reyèl ak iminan, faktè pou w konsidere yo gen ladan yo: dire risk la, nati ak gravite prejizidis potansyèl la, pwobablite pou prejizidis potansyèl la rive, ak kantite tan anvan prejizidis potansyèl ta rive. 24 CFR 5.2005(d)(3).

(2) Si yo demontre menas reyèl ak iminan, degèpisman an ta dwe sèvi sèlman lè pa gen lòt aksyon ki ta ka poze pou redui oswa elimine menas la, ki gen ladan, men pa sèlman, transfere viktim nan nan yon lòt apatman, entèdi agresè a aksè a pwopriyete a, kontakte fòs lòd yo pou ogmante prezans lapolis, devlope lòt plan pou kenbe pwopriyete an sekirite, oswa chèche lòt rekou jiridik pou anpeche agresè a aji sou yon menas. Restriksyon ki fonde sou sekirite piblik pa ka baze sou estereyotip, men yo dwe adapte a enkyetid patikilye konsènan rezidan yo. 24 CFR 5.2005(d)(4).

**j. Transfè Annijans:** Yon lokatè ki viktim vyolans domestik, vyolans nan frekantasyon, agresyon seksyèl, oswa asèlman ka mande yon transfè annijans annakò avèk plan transfè annijans PHA a. 24 CFR 5.2005(e). Plan transfè ijans PHA a, ki dwe rann disponib sou demann, epi enkòpore mezi konfidansyalite estrik pou asire ke PHA pa divilge pozisyon inite lojman yon lokatè bay yon moun ki te komèt oswa menase pou komèt yon zak vyolans domestik, vyolans nan frekantasyon, agresyon seksyèl, oswa asèlman kont lokatè a;

Pou transfè kote lokatè a pa ta konsidere kòm yon nouvo aplikan, PHA a dwe asire ke yon demann transfè annijans resevwa, ominimòm, tout priorite adisyonèl aplikab ke yo deja akòde a lòt tip demann transfè annijans Pou transfè kote lokatè a ta konsidere kòm yon nouvo aplikan, plan an dwe gen ladan politik pou ede yon lokatè avèk yon transfè.

- k. **Bifikasyon:** Sou rezèv egzijans oswa pwosedi pou mete fen a yon afèmaj, ke lalwa Federal, Etatik oswa lokal preskri, si yon manm fwaye lokatè a angaje nan aktivite kriminel ki gen rapò dirèk avèk vyolans domestik, agresyon seksyèl, oswa asèlman, mèt kay la kapab “bifike” afèmaj la oswa retire manm fwaye sa a nan afèmaj la, san konsidere si manm fwaye a se yon siyatè nan afèmaj la, pou degèpi, retire, oswa mete fen a dwa okipasyon manm fwaye sa a san degèpi, retire, oswa penalize viktim aktivite kriminel la ki se tou yon lokatè oswa yon okipan legal. Degèpisman sa a, retrè sa a, fen dwa a okipasyon an, oswa fen èd la dwe fèt annakò avèk pwosedi ki preskri pa lwa Federal, Etatik, ak lokal pou fen afèmaj oswa èd nan kad pwogram Kupon Chwa Lojman an. 24 CFR 5.2009(a).

Si mèt kay bifike Afèmaj la pou degèpi, retire, oswa mete fen nan asistans pou yon manm fwaye a, epi manm fwaye sa a se sèl lokatè ki elijib pou resevwa èd, mèt kay la dwe bay tout lokatè oswa rezidan ki rete yo yon peryòd 30 jou kalandriye apati dat bifikasyon afèmaj la pou:

- (1) Etabli elijiblite pou menm pwogram lojman ki kouvri a kote lokatè eskpilse oswa ki gen afèmaj li kanpe a te benefisyè èd nan moman bifikasyon afèmaj la;
  - (2) Etabli eligiblite nan kad yon lòt pwogram lojman ki asire; oswa
  - (3) Jwenn lojman altènatif.
- l. **Separasyon Familyal:** Si separasyon familyal la se konsekans vyolans domestik, vyolans nan frekantasyon, vyolans seksyèl, agresyon seksyèl, oswa asèlman, PHA dwe asire ke viktim nan kontinye jwenn èd. 24 CFR 982.315.
- m. **Demenajman avèk èd k ap kontinye:** Ajans lojman piblik la ka pa mete fen nan èd pou yon fanmi oswa manm fanmi ki demenaje nan apatman an an vyolasyon afèmaj la, avèk oswa san notifikasyon preyalab a ajans lojman an si demenajman an te fèt pou pwoteje sante oswa sekirite fanmi an oswa manm fanmi ki se oswa te viktim vyolans domestik, vyolans nan frekantasyon, agresyon seksyèl, oswa asèlman; epi yo kwè moun yo te menase pa lòt zak vyolans iminan si yo te rete nan apatman an, oswa si yon manm fanmi an te viktim agresyon seksyèl ki te rive nan lokal yo pandan peryòd 90 jou kalandriye anvan demann fanmi an pou demenaje.
- (1) Demenajman an nesèsè pou pwoteje sante oswa sekirite fanmi an oswa manm fanmi ki se oswa te viktim vyolans domestik, vyolans nan frekantasyon, agresyon seksyèl, oswa asèlman; epi
  - (2) Fanmi an oswa manm fanmi an rezonabman kwè ke li te menase pa prejidi iminan lòt zak vyolans si li te rete nan apatman an. Sepandan, nenpòt manm fanmi ki te viktim agresyon seksyèl ki te rive nan lokal yo pandan

pandan peryòd 90 jou kalandriye anvan demenajman oswa demann fanmi an pou demenaje, li pa nesèsè pou yo kwè li te menase pa lòt zak vyolans iminan si li te rete nan apatman an. 24 CFR 982.354

n. **Konfidansyalite.**

- (1) Mèt kay la dwe kenbe an sekre tout enfòmasyon Lokatè a (oswa yon moun k ap aji nan non Lokatè a) soumèt bay mèt kay la konsènan ensidan vyolans domestik, vyolans nan frekantasyon, agresyon seksyèl, ki gen ladan zafè lokatè se yon viktim vyolans domestik, vyolans nan frekantasyon, agresyon seksyèl, oswa asèlman.
- (2) Mèt kay la pa dwe pèmèt okenn moun ki ap administre èd nan non li, oswa okenn moun ki se anplwaye li, gen aksè a enfòmasyon konfidansyèl sof si Mèt kay la eksplisiman otorize sa pou rezon ki espesifikman mande pou moun sa yo gen aksè a enfòmasyon yo an konfòmite avèk lwa Federal, Etatik, oswa lokal.
- (3) Mèt kay la pa dwe antre enfòmasyon konfidansyèl nan okenn baz done pataje oswa divilge enfòmasyon sa yo bay okenn lòt antite oswa moun sof nan mezi moun nan mande oswa konsanti divilgasyon sa a alekri nan kad yon divilgasyon a tan limite, epi ki nesèsè pou itilizasyon nan pwosedi degèpisman; oswa lalwa aplikab egzijè sa.

**10. Degèpisman pa aksyonan jistis**

Pwopriyetè a ka degèpi lokatè a sèlman pa yon aksyonan jistis.

**11. Avi rezon pa pwopriyetè a**

- (1) Nan oswa anvan kòmansman yon aksyon an jistis pou degèpi lokatè a, pwopriyetè a dwe bay lokatè a yon avi ki presize rezon fen lokasyon an. Avi a dwe enkli oswa konbine nan avi degèpisman pwopriyetè a.
- (2) Pwopriyetè a dwe bay PHA yon kopi avi degèpisman pwopriyetè nan menm moman pwopriyetè a notifiyelokatè a.
- (3) Avi degèpisman vle di yon avi pou kite, oswa yon plent oswa yon pledwari inisyal ki sèvi pou kòmansè yon aksyon degèpisman dapre lwa etatik oswa lokal.

**12. Afèmaj: Relasyon a Kontra HAP**

Si kontra HAP a pran fen pou nenpòt rezon, afèmaj la pran fen otomatikman.

**13. Fen Èd la pa PHA**

PHA ka mete fen nan pwogram èd la pou fanmi an pou nenpòt rezon ki otorize annakò avèk egzijans HUD yo. Si PHA mete fen nan pwogram èd la pou fanmi an, afèmaj la pran fen otomatikman.

**14. Demenajman Fanmi**

Lokatè a dwe enfòm PHA ak pwopriyetè a anvan fanmi an demenaje nan apatman an.

**15. Depo Garanti**

- a. Pwopriyetè a ka resevwa yon depo garanti nan men lokatè a. (Sepandan, PHA ka entèdi pwopriyetè a resevwa yon depo sekirite anplis pa rapò a pratik mache prive a, oswa montan anplis pwopriyetè a chaje lokatè ki pa gen èd la. Tout restriksyon PHA egzijè sa dwe presize nan kontra HAP a.)

- b. Lè fanmi an demenaje nan apatman kontraktyèl la, pwopriyete, dapre lwa Etatik ak lokal, ka itilize depo sekirite a, ki enkli tout enterè sou depo a, tankou ranbousman pou nenpòt lwaye ki pa peye ke lokatè dwe peye, tout domaj nan apatman an oswa tout lòt montan lokatè a dwe nan kad afèmaj la.
- c. Pwopriyete a dwe lokatè a yon lis tout atik ki chaje nan depo garanti a, epi montan pou chak atik. Apre you fin dedui montan an, si genyen, ki sèvi pou ranbouse pwopriyete a, pwopriyete a dwe imedyatman ranbouse lokatè a tout montan balans ki pa sèvi a.
- d. Si depo sekirite a pa sifi pou kouvri montan lokatè a dwe nan kad afèmaj la, pwopriyete a ka resevwa balans lan nan men lokatè a.

## 16. Entèdikasyon Diskriminasyon

Annakò avèk lwa, estati, Dekrè ak règleman aplikab pou non-diskriminasyon ak egalite chans, pwopriyete a pa dwe diskrimine kont pèsonn akoz ras, koulè, relijyon, sèks (ki enkli oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl), orijin nasyonal, laj, estati familyal, oswa andikap konsènan afèmaj la. Elijiblite pou pwogram HUD yo dwe fèt san konsidere oryantasyon reyèl oswa sa yo pèsevwa, idantite seksyèl, kondisyon matrimonyal.

## 17. Konfli ak Lòt Dispozisyon Afèmaj

- a. Tèm adendòm lokasyon yo preskri pa HUD annakò avèk lwa ak règleman Federal, kòm kondisyon pou èd Federal pou lokatè a ak fanmi lokatè nan kad pwogram kupon an dapre Atik 8 la.
- b. Sizoka ta gen konfli ant dispozisyon adendòm lokasyon an jan HUD egzije sa, epi nenpòt lòt dispozisyon afèmaj la oswa nenpòt akò ant pwopriyete a lokatè, egzijans adendòm lokasyon HUD fè yo dwe domine.

## 18. Chanjman nan Afèmaj oswa Lwaye

- a. Lokatè a ak pwopriyete a pa ka fè okenn chanjman nan adendòm lokasyon an. Sepandan, si lokatè a ak pwopriyete a dakò a yon chanjman nan afèmaj, chanjman sa yo dwe alekri, epi pwopriyete a dwe bay PHA yon kopi chanjman sa yo imedyatman. Afèmaj la, ki enkli tout chanjman, dwe annakò avèk egzijans adendòm lokasyon yo.
- b. Nan ka sa yo, èd pou lokatè a pa dwe kontinye sof si PHA te apwouve yon nouvo lokasyon annakò avèk egzijans pwogram nan epi te aplike yon nouvo kontra HAP avèk pwopriyete a:
  - (1) Si gen chanjman nan egzijans afèmaj ki reji responsablite pwopriyete a pou sèvis piblik oswa aparèy elektwomènaje;
  - (2) Si gen chanjman nan dispozisyon afèmaj ki reji dire afèmaj la;
  - (3) Si fanmi an demenaje ale nan yon nouvo apatman, menm si apatman an nan menm bilding nan oswa konplèks la.
- c. Apwobasyon lokasyon pa PHA, ak egzekisyon nouvo kontra HAP, pa nesèsè pou

chanjman yo antann sou li nan afèmaj ki lòt ke jans sa presize nan paragraf b a.

- d. Pwopriyete a dwe enfòmè PHA sou tout chanjman nan montan lwaye a pwopriyete a omwen 60 jou anvan chanjman sa yo antre an aplikasyon, epi montan lwaye a pwopriyete a apre nenpòt chanjman yo antann sou li pa ka depase lwaye rezonab pou apatman an jan sa detèmine oswa redetèmine dènye fwa pa PHA annakò avèk egzijans HUD yo.

## 19. Avi yo

Nenpòt avi nan kad afèmaj pa lokatè a pwopriyete a oswa pa pwopriyete a lokatè a dwe alekri.

## 20. Definisyon

**Apatman kontraktyèl** Inite lojman ki lwe pa lokatè ki gen èd nan kad pwogram nan.

**Fanmi** Moun ki ka rezide nan apatman ki gen èd la nan kad pwogram nan.

**Kontra HAP.** Kontra peman èd pou lojman ant PHA ak pwopriyete a. PHA fè peman èd pou lojman a pwopriyete a annakò avèk kontra HAP a.

**Fwaye.** Moun ki ka rezide nan apatman kontraktyèl la. Fwaye a konpoze ak fanmi an epi nenpòt èd rezidansyèl PHA apwouve. (Yon èd rezidansyèl se yon moun ki rezide nan apatman an pou bay sèvis sipò ki nesèsè pou yon manm fanmi an ki se yon moun andikape)

**Estanda Kalite Lojman (HQS).** Estanda kalite minimòm HUD pou lojman ki gen èd nan kad pwogram ki baze sou lokatè yo dapre Atik 8 la.

**HUD.** Depatman Lojman ak Devlopman IbenEtazini.

**Egzijans HUD yo.** Egzijans HUD yo pou pwogram dapre Atik 8 la. Se katye jeneral HUD ki emèt egzijans HUD yo kòm règleman, avi Federal Register yo oswa lòt direktiv kontreyanpwogram nan.

**Afèmaj:** Akò ekri ant pwopriyete a ak lokatè a pou afèmaj apatman kontraktyèl la a lokatè a. Afèmaj la gen ladan adendòm lokasyon ki preskri pa HUD a.

**PHA.** Ajans Lojman Piblik.

**Lokal yo.** Bilding nan oswa konplèks kote apatman kontraktyèl la sitiye a, ki gen ladan espas komen ak teren yo.

**Pwogram.** Atik 8 pwogram kupon chwa lojman an.

**Lwaye a Pwopriyete a.** Montan total pa mwa ki peyab a pwopriyete a pou apatman kontraktyèl la. Lwaye a pwopriyete a se sòm pati lwaye ki peyab pa lokatè a plis peman èd pou lojman PHA a pwopriyete a.

**Seksyon 8.** Atik 8 Lwa 1937 sou Lojman Etazini (42 United States Code 1437f).

**Lokatè.** Manm fanmi (oswa manm yo) ki afème apatman an nan men pwopriyete a.

**Pwogram Kupon.** Pwogram kupon chwa lojman an dapre Atik 8 la. Nan kad pwogram sa a, HUD bay PHA lajan pou sibvansyon lwaye nan non fanmi ki elijib yo. Lokasyon dapre afèmaj ap jwenn èd sibvansyon pou yon lokasyon nan kad pwogram kupon an.